

Sipò Detansyon nan Imigrasyon

Administrasyon Trump la elaji aplikasyon lalwa sou imigrasyon, epi anpil imigran ka twouve yo nan detansyon imigrasyon. Gid sa a bay resous ak sijesyon sou kijan pou navige nan sistèm detansyon imigrasyon an.

Konnen Dwa W si w nan detansyon

- Chak moun Ozetazini, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo, gen kèk dwa debaz.
- Si imigrasyon oswa lòt lapolis kanpe w, arete w, oswa kenbe w, ou gen dwa pou:
 - Rete an silans epi pa reponn kesyon.
 - Pale ak yon avoka, oswa pran tan pou jwenn youn.
 - Fè yon apèl nan telefòn, tankou yon apèl bay yon avoka oswa fanmi w.
 - Resevwa vizit yon avoka pandan detansyon.
 - Kontakte konsila w.
- Li enpòtan pou w sonje ou pa oblije siyen anyen.
- Pou jwenn kat Konnen Dwa Ou yo, vizite nyic.org/kyr.
- Pou plis enfòmasyon sou sa pou w fè si imigrasyon arete w oswa kenbe w, vizite nilc.org/resources/know-your-rights-what-to-do-if-arrested-detained-immigration

Kijan pou prepare pou oumenm ak fanmi w

- Si ou pa yon sitwayen ameriken epi ou gen timoun, ou ta dwe planifye davans sizoka ICE, CBP oswa yon lòt ajan federal ta rive kenbe w.
- Pou prepare, ou ta dwe:
 - Kenbe dokiman enpòtan yo yon kote ki an sekirite ke lòt manm fanmi yo konnen.
 - Deside kimoun ou ta vle pran swen timoun ou yo si ou pa kapab fè sa.
 - Deziyen legalman yon moun pou pran swen timoun ou yo.
 - De nan fason ki pi komen pou deziyen legalman yon moun k ap pran swen pitit ou a se:
 - Deziyasyon Moun ki nan Relasyon Paran
 - Gadyen legal derezèv
 - Ranpli lòt fòm pou pitit ou a, tankou yon Fòm Otorizasyon Vwayaj oswa yon Fòm Kontak Ijans Lekòl la.
 - Ou ka vle konsidere tou ranpli yon fòm Pwokirasyon Avoka.
- Pou plis enfòmasyon, vizite ilrc.org/resources/step-step-family-preparedness-plan
- Pou jwenn fòm preparasyon famiyal ou ka ranpli, vizite vlpcny.org/get-help/immigration/planning-for-immigrant-parents

Si yo te arete yon moun

Kijan pou jwenn yon moun an detansyon

- Si ajan imigrasyon yo arete w, yo gen anpil chans pou yo mennen w nan yon sant detansyon.
- Yo ka arete moun nan sant detansyon gouvènman an, sant detansyon prive, prizon lokal, oswa yon lòt sant detansyon.
- Pou jwenn yon moun ki aktyèlman an detansyon ICE:
 - Ale sou locator.ice.gov epi antre:
 - Non moun nan, peyi nesans li, ak dat nesans li, oswa
 - nimewo A 9 chif
 - Lokalizatè ICE a ta dwe endike ki kote yo kenbe moun nan, men li ka pran tan pou yo parèt nan sistèm sa a.
 - Si ou panse yo ka kenbe fanmi pwòch ou an nan yon sant detansyon ICE espesifik, ou ka jwenn yo tou lè w:
 - Chèche yo sou accesscorrections.com. Si non yo parèt, gen anpil chans ke yo te kenbe yo nan sant ou te chwazi a.
 - Kontakte sant lan dirèkteman nan ice.gov/detention-facilities
- Si ou pa ka jwenn yon moun lè w itilize sistèm sa yo sou entènèt, ou ka kontakte yon biwo Operasyon Ranfòsman ak Ekspilasyon ICE (ERO): ice.gov/contact/field-offices
- Pou plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon moun an detansyon, vizite
 - freedomforimmigrants.org/toolkit-lost-in-detention
 - nilc.org/resources/how-to-find-a-loved-one-after-a-u-s-immigration-arrest

Kijan pou kontakte yon moun an detansyon

- Menm apre ou fin jwenn yon moun an detansyon, li ka difisil pou kontakte yo epi kominike avèk yo.
- Ou ka anmezi pou kontakte yon moun atravè:
 - Apèl telefonik: Pifò sant yo pa pèmèt moun fè yon apèl telefonik bay yon moun ki an detansyon. Okontrè, yon moun ki an detansyon ap oblije rele w depi sant la.
 - Lapòs: Pou voye kourye nan yon sant detansyon, adrese lapòs la ak non konplè moun nan ak kat dènye chif nimewo A li ansanm ak adrès fizik sant la.
 - Mesaj ak Apèl Videyo: Gen kèk etablisman ki itilize aplikasyon tankou "Getting Out" pou moun ki nan detansyon yo ka kominike avèk fanmi yo.
 - Vizit an pèsòn: Etablisman yo gen lè vizit ak règ espesifik. Moun yo ta dwe fè evalyasyon risk anvan yo deside vizite yon moun ki nan detansyon.
- Chak etablisman ka gen diferan règ konsènan kontakte moun. Pou enfòmasyon espesifik etablisman an, vizite ice.gov/detention-facilities
- Kenbe nan tèt ou ke otorite yo siveye mòd kominikasyon yo. Fè evalyasyon risk endividyèl lè w ap deside kijan pou kontakte moun ou renmen an.

Si yo te arete yon moun

Kijan pou jwenn enfòmasyon tribinal

- Pou jwenn dat tribinal ak lokasyon yon moun:
 - Vizite acis.eoir.justice.gov epi antre nimewo A 9 chif moun nan, oswa
 - Rele [1-800-898-7180](tel:1-800-898-7180) epi swiv enstriksyon yo.

Kijan pou depoze yon kosyon

- Yon kosyon se lajan yo peye DHS pou garanti ke, si yo lage yon moun, y ap parèt nan tribinal pou tout odyans yo.
- Si yo akòde yon paran pwòch yon kosyon:
 - Ou ka depoze kosyon an sou entènèt nan cebonds.ice.gov
 - Pou depoze kosyon an, ou dwe yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan legal.
 - Ou ap bezwen bay de fòm idantifikasyon.
 - Si ou se yon sitwayen ameriken, ou ka bay:
 - Paspò ameriken
 - Sètifika nesans ameriken
 - Dokiman pou sitwayen ameriken ki fèt aletranje
 - Sètifika natiralizasyon USCIS
 - Lisans chofè (Kat idantite REAL)
 - Kat idantite ki soti nan leta (Kat idantite REAL)
 - Kat idantite militè
 - Si ou se yon rezidan pèmanan legal, ou ka bay:
 - Kat rezidan pèmanan
 - Kat idantite militè
 - Ou ap bezwen tou non konplè moun ki nan detansyon an, nimewo A, adrès kote moun nan pral rete a, ak nimewo telefòn li.
 - Pou fè peman an, ou ap bezwen aksè a yon kont labank.
 - Pou yon gid konplè etap pa etap pou peye kosyon an, vizite envisionfreedom.org/wp-content/uploads/2025/02/EnvisionFreedom_CeBond-Instructions.pdf
- Si paran pwòch ou an te resevwa yon kosyon li pa kapab peye oswa ou bezwen asistans jeneral pou peye kosyon an, li ka kalifye pou asistans kosyon nan yon fon kosyon.
 - Pou enfòmasyon sou kosyon nan eta New York, vizite envisionfreedom.org/get-support
 - Pou w jwenn yon lis fon kosyon atravè peyi a, vizite bit.ly/localbailfunds

Konekte

Kijan pou konekte ak sipò legal

- Tout moun gen dwa pou gen yon avoka, men gouvènman an p ap ba ou oswa peye pou youn.
- Li posib pou paran pwòch ou an kalifye pou yon avoka gratis atravè New York Immigrant Family Unity Project (NYIFUP).
- Si yon moun nan detansyon nan yon Tribinal Imigrasyon Vil Nouyòk oswa yon Tribinal Imigrasyon New Jersey, ou ka jwenn reprezantasyon legal nan men:
 - The Legal Aid Society, [212-577-3300](tel:212-577-3300)
 - The Bronx Defenders, [347-778-1266](tel:347-778-1266)
 - Brooklyn Defender Services, [718-564-6290](tel:718-564-6290)
- Ou kapab rele tou:
 - Pwojè Defans Imigran, [212-725-6422](tel:212-725-6422).
 - Liy Dirèk Sipò Legal Imigrasyon Biwo Afè Imigran Majistra Vil Nouyòk (MOIA), 800-354-0365.
- Si yon moun nan prizon nan Sant Detansyon Federal Buffalo nan Batavia, NY, ou ka jwenn reprezantasyon legal nan men:
 - ECBA Volunteer Lawyers Project, [716-847-0752](tel:716-847-0752)
 - Prisoner's Legal Services, [716-844-8266](tel:716-844-8266)
- Souvan yo transfere moun nan diferan etablisman atravè peyi a. Pou jwenn yon lis sèvis legal imigrasyon gratis oswa a pri abòdab atravè peyi a, vizite: immigrationadvocates.org/legaldirectory

Kijan pou konekte ak moun ki anndan detansyon an

- Si ou vle konekte ak resous ki anndan detansyon an, ou ka rele yon liy dirèk pou detansyon imigrasyon.
- Pou rele Liy Dirèk Nasyonal pou Detansyon Imigrasyon an, konpoze [9233#](tel:9233) nan yon telefòn etablisman an.
 - Liy dirèk la disponib lendi jiska vandredi, 11è dimaten pou rive 11è diswa.
 - Liy dirèk la gratis epi li pa gen siveyans.
- Pou rele liy dirèk Jistis pou Fanmi Migran yo pou Sant Detansyon Federal Buffalo (Batavia), rele [716-427-4917](tel:716-427-4917).
 - Liy dirèk la disponib lendi jiska jedi, 2è aprèmidi rive 4è aprèmidi ak 6è aprèmidi rive 8è diswa.